

MEMORANDÒM

POU : Prezidan an ak Manm
Komite Skolè Boston an

SOT NAN MEN : Nathan Kuder
Direktè Finans

SIJÈ A : Divès Sibvansyon ki Bezwen Apwobasyon

DAT LA : Mèkredi, 22 mas, 2023

Tache ansanm ak lèt sa a w ap jwenn divès sibvansyon pwopoze pou Komite Skolè a apwouve jou 22 mas, 2023. Genyen divès kopi konplèt pwopozisyon sibvansyon yo disponib ke w kapab egzamine, e yo te arive depoze yo bay Komite Skolè a atravè Biwo Sekretè a.



SIBVANSYON POU KOMITE SKOLÈ A

Mèkredi, 22 mas, 2023

Montan an	Ane Fiskal (Ane Finansye a - FY)	Non Sibvansyon an	Estat li	Jesyonè Fon an	Domèn Entèvansyon an (yo)	Lokal yo
84.000\$	2023	Early College Support Grants FC460 (Sibvansyon pou Inivèsite Bonè, FC460)	Ogmantasyon	Lydia Emmons	Preparasyon pou Inivèsite (Kolèj) ak Preparasyon Pwofesyonèl	5 lokal
15.000\$	2023	Sibvansyon FC104 pou Planifikasyon ak Enplemantasyon Konesans Finansye (« Financial Literacy Planning & Implementation Grant FC104 »)	Nouvo	Angela Hedley-Mitchell	Pwogram Etid ak Ansèyman	Nan tout distri a
39.350\$	2023	Sibvansyon FC 311 pou Aprantisaj Sosyal Emosyonèl (SEL) ak Sante Mantal (SEL Mental Health Grant FC 311)	Nouvo	Whitney Walker	Aprantisaj Sosyal e Emosyonèl	Nan tout distri a
100.000\$	2023	FC149 pou Sipò pou Lekòl yo ak Distri yo (Support to Schools & Districts FC149)	Nouvo	Ashley Hutchinson O'connor	Tan Aprantisaj Pwolonje	Nan tout distri a
238.350\$		Total				

FÒMILÈ ASEPTASYON KOMITE SKOLÈ A - BPS23623

Non Sibvansyon an : Early College Support Grants FC460 (Sivansyon pou Inivèsite Bonè, FC460)

Estati li : **Ogmantasyon**

Tip sibvansyon an : Dwa (« Entitlement », pou sèvis benefisyè a gen dwa pou l genyen selon lalwa)

Dat l ap kòmanse ak dat l ap fini : 4 janvyè, 2022 jiska 30 jen, 2023

Sous Finansman an : Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè

Kontak Sedan an (sedan se sila a ki bay sibvansyon an) : Kristin Hunt

Adrès sedan an : 75 Pleasant Street, Malden, MA

Nimewo telefòn sedan an : (781) 338-3000

Adrès imel sedan an : Kristin.E.Hunt@mass.gov

Depatman ak/oswa lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston an (divès lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston yo) : Biwo Lekòl Segondè yo

Charlestown High School

Dearborn STEM Academy (Akademi syans, teknoloji, enjenyè/jeni, ak matematik lekòl Dearborn)

Fenway High School

Madison Park Technical Vocational High School

New Mission High School

Jesyonè Pwogram Lekòl Piblik Boston an : Lydia Emmons, Direktris Pwogram Inivèsite (Kolèj) Bonè yo

Chèf Depatman an/Lidè Lekòl la :

Charlestown High School, Ajay Trivedi

Dearborn STEM Academy, Darlene Marcano

Fenway High School, Geoffrey Walker

Madison Park Technical Vocational High School, Doktè Sidney Brown

New Mission High School, Will Thomas

Kantite Ogmantasyon an : 84.000\$

Montan ki Akòde a Antou 574.000\$

Opsyon pou Pwogrese : Non

Kantite apwoksimatif elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral la) nou sèvi : 318

Se kòman nou chwazi lokal sa yo ? : Pwogram Inivèsite (Kolèj) Bonè Deziyen Aktyèl yo

Divès Patnè Ekstèn Kle (si toutfwa yo egziste) :

University of Massachusetts Boston

Wentworth Institute of Technology

Bunker Hill Community College

Benjamin Franklin Cummings Institute of Technology

Objektif :

Atravè Sibvansyon Sipò pou inivèsite (kolèj) Bonè a (« Early College Support Grant »), DESE (Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a) founi sipò pou enplemantasyon bay divès pwogram Inivèsite (Kolèj) Bonè ki deja an egzistans. Sipò sa a finanse kapasite manm pèsònèl la, materyèl ansèyman yo, transpòtasyon, ak divès bous planifikasyon pou 5 lekòl segondè, epi l asire founisman bonjan kalite pwogram siperyè.

Rannman Dezire yo :

1. Ogmante enskripsyon nan Bonjan Kalite Pakou Inivèsite (kolèj) Bonè nan lekòl Charlestown High School, lekòl Dearborn STEM Academy, Fenway High School, Madison Park Vocational Technical High School ak New Mission HS.
2. Ogmante kantite elèv k ap dipome nan lekòl segondè ki gen omwen 12 kredi inivèsite (kolèj) wotman transferab (ke yo kapab transfere byen fasil).

Divès Objektif Spesifik, Mezirab, Atenab, Reyalis, e Kwonometre (SMART)

Objektif nimewo 1 : Enskri yon kòwòt elèv Inivèsite (kolèj) Bonè nan chak lekòl segondè patisipan, rive desann 2022, pou ogmante enskripsyon an sot nan 183 nan ane skolè 2022 a pou rive a 318 nan ane skolè 2023.

Endikatè : Done SIMS pou oktòb

Objektif nimewo 2 : Asire ke 75% kòwòt elèv Inivèsite (Kolèj) Bonè yo diplome avèk yon minimòm 12 kredi nivo inivèsitè (nivo kolèj) an jen, 2023

Endikatè : « Tracker » DESE pou kontwole kredi elèv klas tèminal yo ak analiz done DHE HEIRS yo

Tanpri spesifye nan ki fason sibvansyon sa a aliyen avèk (divès) Angajman Vizyon Stratejik 20/25 Distri a ak Priorite 1 (yo).

Tanpri mansyone yo anba a : (gade dokiman ki vin ansanm avèk lèt sa a – ale nan (paj 59)

Pakou Inivèsite Bonè yo founi edikasyon pètinan, otantik, e imèsif bay tout elèv nou yo. Atravè pwogram sa yo nou chèche ogmante aksè nan divès pwogram etid inivèsitè pou divès elèv Lekòl Piblik Boston e redui tan ak pri yon premye kredi de valè koute. Sa aliyen dirèkteman avèk Vizyon Stratejik 20/25 distri a, etandone ke li kreye divès opòtinite ekitab pou jèn yo pou yo kapab pousoiv bonjan kalite pakou ak karyè siperyè.

Akselere Aprantisaj 2,1 « Redesign Secondary Schools » - an kowòdinasyon avèk angajman ak priorite « Aprantisaj Akselere » ki idantifye nan Vizyon Stratejik 20/25 lan, pwogram Inivèsite Bonè yo (Early College) te elaji nan ane ki sot pase yo, dekwa pou Lekòl Piblik Boston toujou kapab ofri elèv li yo yon pwogram etid ki solid.

Patenarya Aktif 6,4 « Champion college and career awareness » (Kolèj chanpyon ak konesans sou karyè) - an kowòdinasyon avèk angajman ak priyorite « Patenarya Aktif » ki idantifye nan Vizyon Stratejik 20/25 lan, pwogram Inivèsite Bonè yo egzije divès patenarya avèk divès enstitisyon edikasyon siperyè ki kreye divès opòtinite pou elèv yo angaje nan pwogram etid inivèsite avèk divès sipò siplemantè entegre nan pwogram etid yo.

FÒMILÈ ASEPTASYON KOMITE SKOLÈ A – BPS23624

Non Sibvansyon an : Sibvansyon FC104 pou Planifikasyon ak Enplemantasyon Konesans Finansye (« Financial Literacy Planning and Implementation – FC104 »)

Estat li : Nouvo

Tip sibvansyon an : Dat l ap kòmanse ak dat l ap fini : 1ye fevriye, 2023 jiska 30 jen, 2023

Sous Finansman an : Eta a

Kontak Sedan an (sila a ki bay sibvansyon an) : Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè

Adrès sedan an : 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Nimewo telefòn sedan an : 781-338-3807

Adrès imel sedan an : gail.a.castle@mass.gov

Depatman prensipal ak/oswa lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston an (divès lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston yo) : Ansèyman ak Aprantisaj, Depatman Istwa/Syans Sosyal

Jesyonè Pwogram Lekòl Piblik Boston an : Angela Hedley-Mitchell

Chèf Depatman an/Lidè Lekòl la : Lesley Ryan Miller

Montan ki Akòde Chak Ane : 15.000 \$

Opsyon pou ranwaye li : Non

Kantite apwoksimatif elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral la) nou sèvi : Elèv Lekòl Piblik Boston klas 3yèm jiska 12yèm gen aksè nan divès resous pou konesans finansye.

Lokal yo :

Tout lekòl k ap sèvi klas 3yèm jiska 12yèm ane gen aksè nan divès materyèl pou pwogram etid yo

Se kòman nou chwazi lokal sa yo ? Tout lekòl yo ap gen pèmisyon pou yo jwenn aksè nan divès modil pwogram etid

Divès Patnè Ekstèn Kle (si toutfwà yo egziste) :

Priyorite yo :

- Travay avèk pwofesè lidè yo pou devlope divès modil ki anrapò a konesans finansye
- Eseye divès modil konesans finansye nan ivè 2023-2024
- Resevwa divès done sou esè a, epi elaji enplemantasyon li (aplikasyon li)

Objektif :

Depatman Istwa ak Syans Sosyal Lekòl Piblik Boston an ap pwopoze devlope divès modil pwogram etid sou Konesans Finansye ki kapab entegre nan pwogram etid syans sosyal la, oswa ki kapab itilize endepandaman, pou klas jadendanfan K jiska klas 12yèm ane. Pou atenn objektif sa a, depatman Istwa ak Syans Sosyal Lekòl Piblik Boston an ap reyini ansanm pwofesè lidè yo pou ede devlope divès modil konesans finansye avèk èd divès resous ki so t nan « Next Gen » ak « Junior Achievement ». Pwofesè lidè Lekòl Piblik Boston yo ap devlope yon pakou pwogram etid kalite siperyè pou modil yo ki aliye avèk Standa Commonwealth la (standa Eta Massachusetts la) pou Konesans Finansye Pèsonèl.

Ranman Dezire yo :

Akoz sibvansyon ki sot nan ane skolè 2019-2020 an, distri a te kapab kòmanse travay avèk lidèchip pwofesè a pou kòmanse devlope sa ke konesans finansye kapab devni nan Lekòl Piblik Boston. Lidèchip pwofesè a te arive devlope sis pilye pou konesans finansye ki enkli : sèvis bankè pèsonèl, kredi, peye pou inivèsite (kolèj)/lekòl pwofesyonèl, ekonomi konpòtmantal, karyè pwofesyonèl, ak kwasans richès. Aprè n demare sot nan pilye yo, pwochèn etap travay la ap gen pou wè avèk devlopman ak esè divès modil k ap enpleman (k ap aplike) nan plizyè nivo klas. Ane pase, travay pou devlope modil yo te minim, men resevwa sibvansyon an kapab ede rekonstrui travay sibvansyon presedan an.

Dat Rapò sou Ranman yo ap finalize e disponib : 30 septanm, 2023

Divès Objektif Spesifik, Mezirab, Atenab, Reyalis, e Kwonometre (SMART)

Objektif nimewo 1 : Kontinye travay avèk pwofesè lidè konesans finansye yo apati 1ye avril, 2023. Itilize divès pilye Konesans Finansye Lekòl Piblik Boston (Sèvis Bankè Pèsonèl, Kredi, Peye pou Inivèsite (Kolèj)/Lekòl Pwofesyonèl, Ekonomi Konpòtmantal, Karyè Pwofesyonèl, Kwasans Richès) pou devlope yon modil pou chak gwoupman klas : Jadendanfan jiska 2yèm ane, 3yèm jiska 5yèm ane, ak 9yèm jiska 12yèm ane pou ane skolè 2023-2024 la.

Endikatè : Prezans nan reyinyon pwofesè lidè afè konesans finansye yo. Devlopman ak esè modil pwogram etid la.

Objektif nimewo 2 : Rive 1ye novanm, 2023, founi pwofesè esè yo avèk divès resous aprantisaj ak pwogram etid pou soutni enplemantasyon modil konesans finansye yo avèk Lekòl Piblik Boston.

Endikatè : Reyalizasyon modil yo, pa pi ta ke 1ye septanm, 2023. Kòmanse enplemantasyon esè a (mete esè a sou pye) an novanm, 2023.

Tanpri spesifye nan ki fason sibvansyon sa a aliye avèk (divès) Angajman Vizyon Stratejik 20/25 Distri a ak Priyorite 1 yo. Tanpri mansonje yo anba a : (gade dokiman ki vin ansanm avèk lèt sa a – ale nan (paj 59)

Angaje elèv yo nan afè konesans finansye esansyèl pou n devlope divès elèv konplè, pou ranfòse yo pou yo kapab pran desizyon byen enfòm nan lavni parapò a afè finans. Sibvansyon Konesans Finansye a founi pwofesè yo avèk divès opòtinite pou founi elèv yo avèk enfòmasyon relatif a konesans finansye pou devlope konesans yo sou plizyè aspè konesans finansye pandan karyè edikasyonèl yo nan Lekòl Piblik Boston. Sibvansyon pou konesans finansye a ap soutni pwofesè yo tou nan enplemantasyon divès modil ke distri a kreye atravè aprantisaj pwofesyonèl. Sibvansyon an aliye avèk angajman Plan Stratejik 20/25 distri a pou akselere aprantisaj e anplifye vwa (dizon) tout moun. Sibvansyon an ap founi pwofesè yo avèk resous ak pwogram ke lidèchip pwofesè yo egzamine pou founi yon metadoloji ki afime kilti ak lang elèv yo pou eksplòre divès sijè ki trete finans pèsonèl ak konesans finansye. Angaje pwofesè yo nan aprantisaj pwofesyonèl ak devlopman yon gwoup edikatè konesans finansye va devlope divès rezo pwofesè pou pataje divès pratik ak kontni, pou founi elèv yo avèk yon edikasyon konesans finansye ki chita sou baz kolaborasyon distri a.

FÒMILÈ ASEPTASYON KOMITE SKOLÈ A – BPS23697

Non Sibvansyon an : Sibvansyon Boston pou Aprantisaj Sosyal Emosyonèl (SEL), Sante Mantal - Sibvansyon - FC311 pou Soutni Aprantisaj Sosyal Emosyonèl (SEL), Sante Konpòtmantal e Mantal, ak Byenèt

Estat li : Kontinyasyon

Tip sibvansyon an : Federal ak Eta a – Kontinyasyon ke Biwo Sipò pou Elèv ak Fanmi an (Office of Student and Family Support) ap administre

Dat l ap kòmanse ak dat l ap fini : 1ye janvyè, 2023 jiska 30 jen, 2023

Sous Finansman an : MA DOE (Depatman Edikasyon Eta Massachusetts)

Kontak Sedan an (sila a ki bay sibvansyon an) : Chris Pond

Adrès sedan an : 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Nimewo telefòn sedan an : 781-338-3611

Adrès imel sedan an : christine.a.pond@mass.gov

Depatman prensipal ak/oswa lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston an (divès lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston) : Sèvis Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Services)

Jesyonè Pwogram Lekòl Piblik Boston an : Whitney Walker

Chèf Depatman an/Lidè Lekòl la : Andria Amador, Sarah Jay

Montan ki Akòde Chak Ane : 39.350 \$

Opsyon pou ranvwaye li : Pa gen okenn opsyon

Kantite apwoksimatif elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) nou sèvi : Distri Lekòl Piblik Boston

Lokal yo : Tout distri a, selon demann yo

Se kòman nou chwazi lokal sa yo ? Pwòpòrite demann ke nou bay lekòl yo avèk 1 oswa mwens patnè sante mantal

Divès Patnè Ekstèn Kle (si toutfwà yo egziste) : Pa gen okenn patnè ekstèn

Pwòpòrite yo : Divès sipò pou sante mantal avan/aprè jounen skolè a (klasman nimewo 2) pou elèv yo ak fanmi yo

Objektif : Pou etann pratik MTSS la (Sistèm Sipò Plizyè Klasman an) odela jounen skolè a pou ogmante aksesibilite pou kominote Lekòl Piblik Boston an (BPS) nan fason l soutni sèvis klasman nimewo 2 Sante Mantal yo (MH) ke n ap bay elèv yo ak fanmi yo andeyò jounen skolè a. Pou devlope divès materyèl dirab pou fòmasyon nan afè sante mantal pou asire bonjan kalite founisman sèvis siperyè.

Rannman Dezire yo : Ogmante aksesibilite nan sèvis sante mantal pou elèv yo ak fanmi yo. Kapasite ogmante pou founisman sèvis sante mantal klasman nimewo 2.

Dat Rapò sou Rannman yo ap finalize e disponib : 30 jiyè, 2023

Divès Objektif Spesifik, Mezirab, Atenab, Reyalis, e Kwonometre (SMART)

Objektif nimewo 1 : Soutni divès sèvis sante mantal avan/aprè jounen skolè a nan lekòl sila yo ki gen yon sèl patnè sante mantal oswa mwens

Endikatè : Kantite elèv ak fanmi nou atenn avèk chak sèvis ki baze nan lekòl yo, analize selon chak lekòl

Objektif nimewo 2 : Devlope divès materyèl dirab pou soutni founisman bonjan kalite sèvis MTSS siperyè

Endikatè : Baz done fòmasyon sante mantal yo sou entènèt, yo disponib a manm pèsònèl Lekòl Piblik Boston yo ak klinisyen ajans patnè sante mantal li yo.

Tanpri spesifye nan ki fason sibvansyon sa a aliye avèk (divès) Angajman Vizyon Stratejik 20/25 Distri a ak Priyorite 1 yo. Tanpri manson yo anba a : (gade dokiman ki vin ansanm avèk lèt sa a – ale nan (paj 59)

1- Elimine mankman ki egziste parapò a opòtinite ak reyisit

1,8 Devlope kapasite pou abòde divès kontribitè relatif a sante ak aspè sosyal ki kontribye nan mankman opòtinite yo, tankou : - grangou, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, kondisyon san lojman, ak idantite LGBTQ+ (lezbyèn, ge, biseksyèl, transeksyèl, « queer », ak lòt idantite seksyèl ankò).

Sibvansyon sa a soutni ekspansyon (elajisman) sèvis sante mantal klasman 2 yo ke nou founi nan tan aksesib yo bay elèv yo ak fanmi yo. Li met aksan sou rediksyon mankman (rediksyon lakin) nan sèvis sante mantal yo nan fason l bay priyorite bay lekòl sila yo ki gen yon sèl patnè sante mantal oswa mwens. Li vize elaji kapasite distri a pou l soutni sante mantal elèv yo dekwa pou l kapab ede yo reyisi ni akademikman ni sosyoemosyonèlman.

3 - Anplifye Tout Vwa (Tout Dizon)

3,3 Akeyi e valorize fanmi yo ak elèv yo ki fè pati lekòl nou yo, enkli yo kòm patnè nan amelyorasyon lekòl yo ak aprantisaj elèv yo.

3,7 Angaje fanmi yo ak kominote a pou konprann divès bezwen yo, e angaje nan priz desizyon pataje yo atravè divès tèks, entènèt, sondaj, ak apèl telefonik, ak aksè regilye a lidè divès distri a ak lidè lekòl yo pandan reyinyon reyinyon yo, reyinyon nan lekòl yo, ak reyinyon ki fèt pou distri a.

Sibvansyon sa a soutni divès koneksyon de valè ant manm pèsònèl lekòl yo ak elèv/fanmi Lekòl Piblik Boston yo nan tan/nan lè ki pi aksesib. Lòske manm pèsònèl yo kapab pi fleksib parapò a orè paran yo, sa ofri paran yo divès sèvis avan/aprè jounen skolè a. Nan elaji sèvis sante mantal elèv yo odela jounen skolè a, manm pèsònèl Lekòl Piblik Boston yo kapab apwofondi koneksyon yo (rapò yo) avèk elèv yo. Modèl sèvis elaji sa a entegre divès opòtinite pou elèv yo ak fanmi yo kapab bay reyaksyon yo, dekwa pou n kapab gen enfòmasyon pou fiti pwogram.

6 - Aktive Divès Patenarya

6,1 Konekte chak elèv avèk divès pwogram siperyè avan e aprè jounen skolè a, divès pwogram ete, ak pwogram tranzisyon, ak divès eksperyans travay ak staj lekòl segondè, pou aktive aprantisaj, devlope divès konpetans, e devlope kapital sosyal.

Sibvansyon sa a pèmèt nou elaji òf avan ak aprè jounen skolè yo bay elèv yo ak fanmi yo, ki santre sou sante mantal ak byenèt, nan divès fason. Sibvansyon sa a ap soutni yon seri sèvis n ap ofri ki santre sou sante mantal, avan/aprè jounen skolè a, ki enkli (men ki pa limite a) : divès gwoup, sesyon enfòmasyon, ak evènman kominotè pou elèv ak fanmi.

FÒMILÈ ASEPTASYON KOMITE SKOLÈ A – BPS23698

Non Sibvansyon an : OST Strategic Support Grant (Sibvansyon Sipò Stratejik) - FC149

Estat li : Nouvo

Tip sibvansyon an : Dat l ap kòmanse ak dat l ap fini : apati 12 out, 2022 jiska 31 out, 2023

Sous Finansman an : Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè

Kontak Sedan an (sila a ki bay sibvansyon an) : Jennifer Wu

Adrès sedan an : 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Nimewo telefòn sedan an : 781-338-3566

Adrès imel sedan an : Jennifer.Y.Wu@mass.gov

Depatman prensipal ak/oswa lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston an (divès lekòl prensipal Lekòl Piblik Boston) : UP Academy Holland

Jesyone Pwogram Lekòl Piblik Boston an : Ashley Hutchinson O'Connor, Direktris Finans (UPEN)

Chèf Depatman an/Lidè Lekòl la : Victoria Thompson

Montan ki Akòde Chak Ane : 100.000\$

Opsyon pou ranvwaye li : Pa aplikab

Kantite apwoksimatif elèv (oswa pwofesè, manm pèsone biwo santral) nou sèvi : 61

Lokal yo : UP Academy Holland

Se kòman nou chwazi lokal sa yo ? An patenarya avèk DESE

Divès Patnè Ekstèn Kle (si toutfw yo egziste) : Pa gen okenn patnè ekstèn

Priyorite yo :

Rekrite e anboche divès lidè, pwofesè, ak manm pèsone sipò estraòdinè, epi bati e itilize divès sistèm pou evalye, devlope, ankouraje, rekonpanse, e konsève pèsone sa a alontèm.

Objektif :

Retansyon pwofesè yo tèlman trèzenpòtan pou pwogrè lekòl la, e yon sistèm konpansasyon konpetitif ap pèmèt nou konsève manm pèsone yo pi byen akoutèm e alontèm.

Rannman Dezire yo : Ogmante chif retansyon pèsone la.

Dat Rapò sou Rannman yo ap finalize e disponib : Out 2023, lòske manm pèsone yo prezante tèt yo pou ane skolè 2023-2024 la.

Divès Objektif Spesifik, Mezirab, Atenab, Reyalis, e Kwonometre (SMART)

Objektif nimewo 1 : UP Academy Holland ap konsève >85% manm pèsonèl Sendika Pwofesè Boston yo (BTU) apati ane 2022-2023 jiska 2023-2024, jan sa mezire selon kantite manm pèsonèl BTU ki retounen nan pòs yo nan lekòl UAH an out, 2023.

Endikatè : Kantite manm pèsonèl ki retounen travay nan UP Academy Holland pou ane skolè 2023-2024 la.

Tanpri spesifye nan ki fason sibvansyon sa a aliyen avèk (divès) Angajman Vizyon Stratejik 20/25 Distri a ak Priyorite 1 yo. Tanpri mansyone yo anba a : (gade dokiman ki vin ansanm avèk lèt sa a – ale nan (paj 59)

1,2 Anboche e konsève yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal, etnik, e lengwistik elèv ak fanmi nou sèvi yo.

5,1 Anboche, soutni, e konsève, a chak nivo, yon mendèv ki reflekte kilti ak lang divèsifye elèv nou yo ; e abòde divès anpechman striktirèl ki enpakte pèsonèl la ak edikatè koulè yo.

Avèk itilizasyon lajan sibvansyon sa a pou konpanse manm pèsonèl nou yo pou yo aliyen pi prè avèk echèl salè divès lòt lekòl konparab, nou espere ogmante retansyon pèsonèl nou an.